

# PREPARASYON AK REPONS POU TANPÈT

Liy Enfòmasyon sou Èd Eta a bay 1-800-342-3557  
FloridaDisaster.org

## FÒS SEPTIK

### Pou Kay ki gen Sistèm Fòs Septik yo

Si kay ou gen yon fòs septik ladan li epi sistèm plonbri ou an lan oswa li mou:

- Diminye sou itilizasyon dlo a otan ou kapab.
- Pa netwaye fòs septik la. Gen kèk nap dlo anba tè a ki wo anpil ki kapab fann tè a epi fè yon gwo twou ozanviwon yon fòs septik ki netwaye.
- Si lè ou itilize sistèm plonbri a sa kreye yon pwoblèm sanitè, fè yon jan pou ou lwe yon kontenè pou dechè ki pòtatif.
- Pa netwaye fòs septik la ak kote pou dlo a ale a jiskaske inondasyon an sispann.

### Inondasyon ak Pàn Elektrik yo gen Enpak sou Sistèm Tou Rego yo

Itilize mwens dlo jiskake kouran an ak lòt sèvis yo retabli konplètman epi ou pa wè gen dlo sal atè a.

- Pandan estasyon ponpaj ak izin tretman dlo yo pa gen kouran an, evite lage plis dlo nan tou rego yo.
- Mete otorite sèvis piblik ki konpetan yo okouran konsènan tout devèsman dlo.
- Retire tout materyèl nan kay la ki kapab absòbe dlo, tankou dekorasyon mi, rad oswa fo plafon yo. Si dlo sal yo rantre lakay ou, mete bagay nan pye ou, tankou bòt an kawotchou, ak gan ki pa pran dlo pandan ou ap fè netwayaj.
- Byen netwaye mi yo ak atè ki gen beton yo, kontwa yo, frijidè yo ak lòt sifas yo.